



Social Security

Si w bezwen yon entèprèt

Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle zafè w nan Sekirite Sosyal. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit se nan biwo Sekirite Sosyal la ou vini.

Rele nimewo telefòn gratis nou an, **1-800-772-1213**. Rete sou liy lan epi fè silans pandan w ap tande yon vwa k ap pale ann anglè jiskaske yon reprezantan reponn telefòn nan. Reprezantan an pral kontakte yon entèprèt pou ede w avèk apèl ou a. Si sa w bezwen regle a paka fin regle pa telefòn, nou pral mete yon randevou pou ou nan biwo lokal Sekirite Sosyal la epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt prezan nan lè vizit ou a.

